



5 Premye Bagay pou Moun Konnen sou Vòt Antisipe An Pèsòn

Men repons pou senk kesyon moun poze souvan sou afè vòt antisipe an pèsòn pou Eleksyon Primè 2024 yo:

1. KISA KI VÒT ANTISIPE AN PÈSÒN LAN?

Opsyon sa a pèmèt tout elektè ki rejistre yo depoze bilten vòt yo **an pèsòn, avèk yon machin pou vote, pandan yon peryòd senk jou ki vini avan Jou Eleksyon Primè an**. Ou kapab chwazi pou ou vote an pèsòn lè sa pi pratik pou orè pa ou.

2. KI KOTE MWEN KAPAB JWENN AKSÈ POU VÒT ANTISIPE AN PÈSÒN LAN?

- Kèlkeswa kote ou abite nan konte an, ou kapab vote bilten pou zòn pa ou nan nenpòt sit pou vòt antisipe an pèsòn yo ki deziyen pou konte pa ou.
- Jwenn sit ki nan konte pa ou sou sit **VOTE.NJ.GOV**.

3. KI LÈ MWEN KAPAB JWENN AKSÈ POU VÒT ANTISIPE AN PÈSÒN LAN?

- Sit pou vòt antisipe an pèsòn yo pral louvri **mèkredi 29 me jiska dimanch 2 jwen**.
- Lè ouvèti yo pral **mèkredi-samdi, 10:00 a.m. - 8:00 p.m. epi dimanch, 10:00 a.m. - 6:00 p.m.** Moun pa bezwen pran randevou pou sa. Dispozisyon pral pran pou akomode elektè ki genyen andikap yo.

4. E SI MWEN TE TOUJOU VOTE NAN LAPÒST, MEN KOUNYÈ AN MWEN VLE VOTE NAN VÒT ANTISIPE AN PÈSÒN PITO?

- Si ou rejistre pou vote nan lapòst nan Eleksyon Primè 2024 lan, ou kapab depoze bilten ou pandan peryòd vòt antisipe an pèsòn lan **oubyen** nan Jou Eleksyon an avèk yon **bilten pwovizwa** yo kapab ba ou nan sit vòt antisipe ou an oubyen nan biwo vòt ou. Jwenn plis enfòmasyon sou bilten pwovizwa yo sou sit **VOTE.NJ.GOV**. Si ou pa vle resevwa bilten pou vote-nan-lapòst ankò, kontakte grefye konte ou ki rele ann anglè County Clerk pou plis enfòmasyon.


5. ÈSKE MWEN KAPAB TOUJOU CHWAZI PAMI LÒT OPSYON POU VOTE?

Wi. Ou kapab chwazi pito pou ou:

- **Vote an pèsòn** nan biwo vòt pa ou, soti nan 6:00 a.m. jiska 8:00 p.m. **nan Jou Eleksyon an ki se madi 4 jwen**. Dispozisyon pral pran pou akomode elektè ki genyen andikap yo. Ale sou sit **VOTE.NJ.GOV** pou jwenn biwo vòt pa ou, ki sou list biwo vòt lan ki make Polling Locations.
- Oubyen ankò, aplike pou yon **bilte pou vote-nan-lapòst** epi voye li tounen nan youn nan fason sa yo...
 - 1... *Bwat Depo Bilten Sekirize*: Depoze li nan youn nan bwat depo sekirize konte ou an avan lè 8:00 p.m. madi 4 jwen pase. Ou kapab jwenn lokal bwat depo sou sit **VOTE.NJ.GOV**.
 - 2... *Biwo Konsèy Eleksyon*: Depoze li an pèsòn nan Biwo Konsèy Eleksyon nan konte pa ou avan lè 8:00 p.m. madi 4 jwen an pase. Enfòmasyon pou kontakte Ofisyèl Eleksyon Konte yo disponib sou sit **VOTE.NJ.GOV**.
 - 3... *Nan Lapòst*: Se pou li genyen sou li mak postal ki montre ou depoze li pou pi ta a 8:00 p.m. Madi 4 jwen epi se pou Konsèy Eleksyon konte ou an resevwa li pou pi ta nan dat lendi 10 jwen.

NÒT: Ou PA KAPAB retounen bilten pou vote-nan-lapòst ou nan sit pou vòt antisipe ni nan biwo vòt ou.

Pou plis enfòmasyon, gade seri Videyo Edikasyon Elektè an ki rele ann anglè Voter Education Video Series nan sit Vote.NJ.gov oswa skane isit.



Gouvènè Phil Murphy
Vis Gouvènè epi Sekretè
Deta Tahesha Way



1-877-NJ-VOTER (1-877-658-6837)
Vote.NJ.Gov



@NJVotes



@NJ_Votes



NJ Department of State



@NJ_Votes